



Chè pasyan,

Pou ofri yon pi bon sèvis nan komite nou an, Family Health Centers of Southwest Florida, Inc. FHCSWF bezwen jwenn enfòmasyon sou salè (revni) tout moun kap viv nan kay ou a. Lè ou pataje sa avè nou, ou ede nou pou n' ka kontinye bay sèvis sante de kalite a tout pasyan nou yo. Si tout fwa ou pa gen asirans de sante, enfòmasyon finasyèl ou ap ka ede nou detèmine si fanmi ou kalifye pou yon rabè lè nou fin resevwa prèv la.

Tanpri pote tout sa ki aplikab:

- **Pyès idantifikasyon ak foto**
- **Prèv asirans sante**
 - ❖ Kat Medicaid
 - ❖ Kat Medicare
 - ❖ Kat asirans prive
- Prèv revni (salè) diran yon mwa pou tout manm ki nan kay la
- Sa depan de chak konbyen fwa ou touche, pote youn nan sa yo:
 - ❖ Salè anyèl- papyè tax ou pou lane ki fèk sot pase a
 - ❖ Salè mansyèl- dènye sou chèk ki pi resan
 - ❖ Semi-mansyèl-2 dènye chèk ki pi resan yo
 - ❖ Chak semèn- 4 dènye chèk ki pi resan yo
- Kalite prèv salè ki akseptab (tanpri pote tout sa ki aplikab):
 - ❖ Sou chèk
 - ❖ Yon lèt de anplwayè ou ki di men konbyen kòb e chak kilè ou touche
 - ❖ Papyè tax ou pou ane ki sot pase a
 - ❖ Deklarasyon de salè ou pa mwa de retrèt ou resevwa
 - ❖ Deklarasyon de salè ou pa mwa ki soti nan sekirite sosyal
 - ❖ Deklarasyon de salè ou ki soti nan ofis sekirite sosyal
 - o Ou ka jwenn sa nan [sit socialsecurity.gov](http://socialsecurity.gov), wap klike sou sign in adwat anlè sou ekran epi kreye yon kont.
 - ❖ Deklarasyon bank ki montre kote yo depoze salè ou dirèkteman (sekirite sosyal oswa chomaj peyman (revni) selman)
 - ❖ Prèv salè ou resevwa pou chomaj
 - ❖ Papyè jijman ki montre kantite lajan ou resevwa pou sipò timoun ou dedomajnan

Si ou gen kesyon, rele _____

nan Mèsi,

Family Health Centers of Southwest Florida, Inc.
2018 Elite Intake Patient Letter-Cre 9/25/18